**XALIQ DEPUTATLARI NO'KÍS QALASI KEŃESINIŃ SHESHIMI**

**XALQ DEPUTATLARI NUKUS SHAHAR KENGASHINING QARORI**

**No'kís qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 96** **Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 96**

2022 - yil 22 - yanvar VI-40-2-13-195-K/22 Nókis qalası hákimligi

**Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы тәрепинен 2021-жыл даўамында бюджет дәраматларының өндирилиўи бойынша белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы ҳаққында**

Бюджет дәраматларына 2021-жылға реже белгиленген 306,1 млрд.сўм прогноз (контингент) көрсеткиши әмелде 357,8 млрд. сўмға, яғный 116,9 пайызға 51,7 млрд.сўмға артығы менен орынланыўы тәмийинленди.

Соннан, бюджет түсимлери 2021-жыл IV-шерек ушын 82,8 млрд.сўм прогноз көрсеткиши ҳақыйқатта 100,8 млрд.сўмға, яғный 121,7 пайызға 17,9 млрд.сўмға артығы менен орынланыўы тәмийинленген.

Салық түрлери кесиминде:

- юридикалық тәреплердиң мал-мүлк салығы бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 2 426,8 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 3 787,4 млн.сўмға, яғный 156,1 пайызға, суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 60,4 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 118,5 млн.сўмға, яғный 196,2 пайызға, юридикалық тәреплердиң жер салығы бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 3 011,8 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 4 716,5 млн.сўмға, яғный 156,6 пайызға, айланбадан алынатуғын салық бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 29 252,2 млрд.сўмлық прогноз көрсеткиши 21 662,7 млн.сўмға, яғный 74,1 пайызға, жеке исбилерменлик субъектлердиң қатаң белгиленген дәрамат салығы бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 7 958,1 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 4 633,6 млн.сўмға, яғный 58,2 пайызға, жеке пуқаралардың жер салығы бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 10 036,9 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 11 189,9 млн.сўмға, яғный 111,5 пайызға, жеке пуқаралардың мал-мүлк салығы бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 9 135,4 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 6 943,3 млн.сўмға, яғный 76 пайызға, жеке пуқаралардан алынатуғын дәрамат салығы (подоход) бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 201 910,6 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 239 128,6 млн.сўмға, яғный 118,4 пайызға, басқа салықсыз түсимлер (мәмлекетлик бажы, жарийма ҳәм жыйымлар) бойынша 2021-жыл ушын белгиленген 35 794,3 млн.сўмлық прогноз көрсеткиши 64 378,9 млрд.сўмға, яғный 179,9 пайызға орынланған.

Қалалық салық инспекциясының мәлимлемесин додалап, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 6-, 24-статьяларына муўапық, Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси

**ШЕШИМ ЕТЕДИ:**

1. Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инпекциясы тәрепинен 2021-жыл даўамында бюджет дәраматларының өндирилиўи бойынша белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы ҳаққында инспекцияның есабаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Нөкис қаласы ҳәкиминиң биринши орынбасары (К.Калимбетов), Нөкис қалалық Қаржы бөлими (К.Юсупов) менен биргеликте:

- бюджет түсимлериниң 2022-жыл ушын тастыйықланған көрсеткишлерин толық орынлаў ҳәм бюджетке қосымша дәреклер есабынан түсимлер түсириў илажларын көриў;

- бюджет дәраматларының артық орынланыўынан пайда болған қәрежетлерин қаланың потенциалын көтериўге, мәнзилли бағдарламалардың орынланыўына ҳәм социаллық кәрхана ҳәм мәкемелердиң гүз-қыс мәўсимине таярлық көриў, олардың техникалық базасын беккемлеў ушын ажыратыўға итибар қаратыў тапсырылсын.

3. Нөкис қалалық мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Уснатдинов)на:

- жергиликли бюджетке қосымша қәрежетлер табыў, нызамсыз исбилерменлик пенен шуғылланып атырған жеке ҳәм юридикалық пуқараларды анықлаў,сондай-ақ, автотранспорт хызметин көрсетип атырған пуқараларды анықлаў ҳәм оларды салыққа тартыў;

- жергиликли бюджет қәрежетлери прогноз көрсеткишлериниң өз ўақтында әмелге асырылыўын тәмийинлесин.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў қала ҳәкиминиң биринши орынбасары (К.Калимбетов) ҳәм Халық депутатлары қалалық Кеңесиниң "Жергиликли бюджетти қәлиплестириу ҳәм оны орынлаў, экономикалық реформаны әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери" бойынша турақлы комиссиясына жүклетилсин.

5. Усы шешим қабыл етилген күннен баслап күшке киреди.

**Keńes baslıǵı** **U.Panaev**